# «Jigéeni afrik, ñun la, ñu ngi fi te mën nañu»




*Jumtukaay ngir suqali jigéen ñi*

«Jigéeni afrik,
ñun la,
ñu ngi fi
te mën nañu»

*Jumtukaay ngir suqali
jigéen ñi*

Direction:

Cristina García Comas. Fundación Mujeres

Élaboration:

Textes: Module 1: Cristina García Comas. Fundación Mujeres / Diana Raznovich

Module 2: Eva de la Peña Palacios. Fundación Mujeres / Diana Raznovich

Module 3: Cristina García Comas. Fundación Mujeres / Diana Raznovich

Module 4: Cristina García Comas. Fundación Mujeres / Diana Raznovich

Module 5: Guiomar Montes Román. Fundación Mujeres

Module 6: Guiomar Montes Román. Fundación Mujeres

Dessins: Diana Raznovich

Dessin graphique: Pablo Hueso & ACsl

Financement:

Élaboration financée par l'AECID et l'AEXCID

*Version en wolof réalisée en collaboration avec le Programme "Amélioration de la sécurité alimentaire par la promotion d'une agriculture durable dans la région de Saint Louis" (PASA PAD), Fondation Habitáfrica, sous financement de l'AECID.*

*Traduction réalisée par les aulas d'alphabétisation fonctionnelle de Ronkh, Ross Béthio, Thiagar, Souloul, Ndiarème et Niandane et coordonnée par M. Babacar Doukouré de l'Inspection d'Académie de Saint Louis (Senegal).*

2013

# Tërëlin gi

Tërëlin gi


Ubbite 3

Sumb 1
sañ- sañu jigéen ñi 5

Sumb 2
njàngum jigéen ñi 47

Sumb 3
bokkinu jigéen ñi ci kom kom 85

Sumb 4
bokkinu jigéen ci politig 135

Sumb 5
sañ- sañu jigéen cib séy ak njur 171

Sumb 6
pàggutéefu mettit yi ñuy teg jigéen ñi 209

Tekkinu baat yi 247

# Ubbite

*“Ñun, jigéeni afrik, ñun la, ñu ngi fi te mën nañu”* jumtukaay la bu nu jagleel jigéeni afrik saw jant ngir ñu xam seen sañ- sañ di xalaat limu leen mën a jariñ ci seen dund akit nan lan kay  jëfandikó ci ngir seen yookute diwaan.

Ndimbal la bu tax ñu xam sunu jëriñ di dox di siwal sunuy wareef ak sunuy sañ- sañ, di ko wone ci sunuy yëngute saa sune ci biir diwaan bi.

Téeré bi juróom benni sumb la ngir  di wone sañ- sañu jigéen ñi te di teg leen ci woon bu nu ka mën jëfandikoo.

### Sumb 1. Sañ-sañu jigéen ñi:

Fésal sañ- sañu jigéen ñi ni nu ko xame ci àddina bi ngir ñu xam ak nan la ñu xalaat ba soppi dundu jigéen ñi.

### Sumb 2. Njàngum jigéen ñi:

Xalaat ci solo njàngum janq ji ak jeeg ji ak jëriñu njàng ci ndundug jigéen ñi. Lii da fay yokk seen pas – pas  ci wàllu dogal di leen jox  yu nu mën a jëfandikoo ngir doxal seen diwaan.

**Sumb 3. Bokkinu jigéen ci kom-kom:**

Xalaat ci jëriñu ligéey bi jigéen ñiy def banu mën nangu seen doxalin ci waàllu yokkute fexe ba nu bokk ci jataayu dogalin yi.

**Sumb 4. bokkinu jigéen ci politig:**

Xalaat ci cëru jigéen ñi ci biir diwaan bi ngir ñu xam seen ligéey ci wàllu coppité ak seen bokkin ci jataayu doxalin yi

**Sumb 5. sañ- sañ ciy séy ak jur:**

Wone sañ- sañ yi ak xalaat ci yan fànna ci la wér gi yaram ak dundu jigéen niy jokku di noytu feebar yi, cakkuteeg metitu séy, ba ñu ma na jël seen matukaay ci seen wàllu dund.

**Sumb 6. pàggutéefu mettit yi ñuy teg jigéen ñi:**

Ab càmbar xeeti metit yi ñuy teg janq ji, jagamaar ji ak jeeg ji, ak xalaat ni bépp xeetu metit dafay nasaxal sañ- sañu doomi aadama. Sumbu bi dafay wax jéego yu nu war def ngir rañÑe metit yi ba nu mën a aar sañ-sañu doomi aadama di siiwal ak dimbale jigéen ñi mu dal.

Sumb 1

# SAÑ-SAÑU JIGÉEN ÑI

# Li mu ëmb

## Xam nga say sañ-sañ?

Ci téeré bi danu jéem càmbar sañ-sañu jigéen ñi ninu ko xame ci àddina bépp.

## Ndax xam nga nan mooy sàrt yi ñu dindée bépp xeeti wuutele bi amoon te jêm ci jigéen ñi

Kayit la bu mengale xalaatu reew yëpp bu judd ci 3 fan ci weeru sàttumbar 1981 buy wax ci sañ-sañu jigéen ñi; dugal nañu ci ay jumtukaay bu reew yëpp ànd maanaam nuy jëngu di aar jëfinu sañ-sañ yooyu.

SUMB BU JËKK

**Sañ-sañu jigeen ñi**

**Ndax xam nga reewi afrik yi ànd ci sàrt boobu?**

| Réewi yi | At bi nu ko màndargaal |
|---|---|
| Benee | 1992 |
| Burundi | 1992 |
| Kamerunn | 1994 |
| kongo | 1982 |
| kot diwaar | 1995 |
| Esipte | 1981 |
| Ecopi | 1981 |
| Gabo* | 1983 |
| Gambi | 1993 |
| Gana | 1986 |
| Gine | 1982 |
| Gine bisó | 1985 |
| Lesoto | 1995 |

| Réewi yi | At bi nu ko màndargaal |
|---|---|
| Madagaskaar | 1989 |
| Mali | 1985 |
| Nijaria | 1985 |
| kongo | 1986 |
| Ruwanda | 1981 |
| Senegaal | 1985 |
| Seera leon | 1988 |
| Affrik saw jant | 1995 |
| Tansani | 1985 |
| Tinisi | 1985 |
| Uganda | 1985 |
| Sambie | 1985 |

## Lu tax sàrt bi?

Ndaxte "… bokkinu jigéen yu bare, ci yamoo góor ñi ci fànna ju yëpp, jëriñ la ci yokkute réew bu wér du indi lu dul jàmmi àddina".[1].

## Lan gay fekk ci sumb bi?

Ndaa mën a xam yenn ci sañ- sañi jigéen, ni sàrt yi dindée bépp xeeti wuutale bi amoon te jëm ci jigéen ñi, ak indi seen xalaat bu jëkk ci nu nuy jëfandikoo sañ- sañ yooyu ngir foppi dundu jigéen ñi.

1. Sàrt yiy dindi bépp xeetu bodikkonte sañ-sañu jigéen ñi

# Sañ-sañu jigéen ñi

Sunu sañ- sañ yi ñu ngi ka jëmale ci fànna dund yëpp. Jëfandikoo ka, dafay yombal sunu dund ndax dafa ñuy dimbali ba nu mën a jël sunu motukaay ak di aar sunuy yelleef.

Jéego bu jëkk bu jëkk ngir jëfandikoo sunuy sañ-sañ mooy xam leen. Xam li nu sañ da fay yaatal sunu gis gisu àddina, aar sunu jëriñ ak yu ñeneen ñi.

Jëfandikoo sunuy sañ-sañ dafay indi yamale sunu biir ngir fonk doomu aadama te moytu wutele ci digante góor ak jigéen.

Waxu sax xam sunuy sañ-sañ, waawe danu ko war jëfandikoo. Fonk leen moo tax nu mën leen a aar. Dafay tax ñu soppi yi daan tax ba sunu yokkute di taxaw te dimbale ñu nu ligéey ngir askan bi jub té yam.

## SUMB BU JËKK

### Sañ-sañu jigéen ñi

Sunu amee sañ- sañ ci jàng mi,
**Lu tax** ñu bàyyi sunu jàng?

Sunu amee sañ- sañ ci liggéey,
**Lu tax** munu ñu tànn liggéey bu nu bëgg a def?


Sunu amee sañ- sañ ci yàllu kom kom
**Lu tax** mu nu ñu ko def?

Sunu amee sañ- sañ ci séy ak njur
**Lu tax** munu jël ay matukaay ju jëm sunu yaram?

Sunu amee sañ- sañ bokki ci langu politig?
**Lu tax** munu ñu teewal sunu diwaan?


Am naa sañ-sañu xam samay wareef


Suma xamee samay sañ-sañ dinaa fexe banu
Sañ naa jàng


Ñun ñëpp a yam ñoo yam sañ-sañ ak wareef


Sañ-sañu jàng




SAÑ-SAÑU NJÀNG AK JEEXAL SAMA WUTUB XAM XAM




SAÑ-SAÑU NJÀNG CI DAARU JU KAWE AK MECCE




SAÑ-SAÑU TÀNN SA NJÀNG






SAÑ-SAÑU LIGGÉEY




SAÑ-SAÑU TÀNN MECCE AK LIGGÉEY




SAÑ-SAÑ YAM LIGGÉEY AK GÓOR ÑI




SAÑ-SAÑ AM PAYOOR BU BAAX








SAÑ´SAÑU TÀNN SA JËKËR




SAÑ-SAÑU AM SA ALALU BOPP




AM BENN SAÑ-SAÑ AK BENN NDOGAL CI CA BIIR SÉY





SAÑ-SAÑU AM SA SUUFU BOPP




AM SAÑ-SAÑU LEB XAALIS CA BÀNK BA





SAÑ-SAÑU MÀNDARGAL AY BATAAXAL AKI SEYTU ALAL




SAÑ-SAÑU JOT AY XIBAAR




SAÑ-SAÑU XOOL KAN LANU BËGG AM DOOM




SAÑ-SAÑ XOOL KAÑ LANUY AM DOOM AK ÑAATA




SAÑ-SAÑU JOT XIBAAR AK DEM CI XELAL CI SOREEL NJUR GI



AM SAÑ-SAÑ ÑUY XOOL SUNU YARAM SUNU ËMB SUNU WASINÉE







SAÑ-SAÑ ÑU FAL MA



SAÑ-SAÑU WOTE




SAÑ-SAÑU DEF AY LIGGÉEYU MBOOLOO




SAÑ-SAÑU BOOK CI MBOTAAY BU LA NEEX




SAÑ-SAÑU BOOK CI YËNGUTE NDËKKAN BI




SAÑ-SAÑU BOOK CI YËNGUTE CAADA YI




**SAÑ-SAÑU BOOK CI JËNGUTE TAGAT YARAM YI**



# Ma jàpp

*Lan laa gis moo gën a baax?*

*Lan laa war a def?*

## SUMB BU JËKK

## Sañ-sañu jigéen ñi

Sumb 2

# NJÀNGUM JIGÉEN

# Li mu ub

## Ndax xam nga sañ-sañu  jiggéen ci wàllu njàng?

Ci biir téeré bi, ñiy càmbar ngënéelu njàngum jigéen ñi muy sañ-sañ bu ñu yelool, te sàrt biy xeex boddikonte jigéen ñi xam ko.

Njàng wareef la ci nit, nekk na tamin bir bu baax ci yokkute kom-komu réew.

## Ndax xam nga lu tax njàngum jigéen am solo?

Njàng dafa nuy dimbalé ci sunu yokute, dafa nuy jox ay jumtukaay ak ay xam xam banu war génn si ndóol ak boddikonte ci jigéen ñi.

Njàng dafa nuy jox ay xam xam bi nuy def ay jigéen ñu féex, dunu yaakaar ci kenn te xam sunu bopp.

SUMB 2

## Njàngum jigéen

### Lan la nuy fekk ci sumb bii?

Daa gis sañ-sañu jiggéen yi nu gën a rààññee ci si seen bokin ci wàllu njàng.

Nga xalaat itam ci jëriñ yiy jiggéen ñiy indi ci wàllu defar nit ak jox ka xam xam yu bees.

Nu xalaat nan la njàng bi di jokkee bokinu jiggéen ñi ci kom-kom ak politigu diwaan bi.

## SUMB 2
## Njàngum jigéen

# Njàngum jigéen

Njàngum jiggéen nekk na bunt jiggéen ñi bu ubbeeku ngir warmaal leen ci àddina bi.

Njàng a tax nun jiggéen ñi nu xam sunu sañ-sañ te yokk sunu kóolute si nunu koy jëfée ci sunu dund.

Njàng mooy jéego bi jëkk ci yoon bi jëm ci yamale ak  jiggéen ñi ndax ñu man jénn ci ndóol te man demal sunu bopp.

Yokute jiggéen bi njàng man a def ci moom day jëriñ reew mi ci wàllu kom-kom ak dibalanté.

Njàng dafa am solo ci ñëpp rawatina ci jiggéen ñi ndax dafa tax ñu liggéeyal seen dëkk dindi ñakk jàng ci jiggéen ñi daa ñu mën dimbali xale yu jiggéen ba nu àgg ci daara yu kaye yi.

SUMB 2

## Njàngum jigéen

Sunu amee sañ-sañ ci njàng mi
**Lu tax** ñu bañ xale yu jiggéen ñi dem ekool

Waaw am nanu sañ-sañ ñu jàngal ñu ci kaw yamale
**Lu tax** góor ak jiggéen yamuñu ninu leen di jàngalee ci ekool ba ak ci kër gi?

Waaw danu am sañ-sañ tànn ak sunu sago li nu war jàng.
**Lu tax** nunu tànn lu nu war liggéey?

Waaw xam nanu solo bi nu jàng mi amal.
**Lu tax** nuy bàyyi jàng?

Waaw xam nanu solo bi nu jàng mi amal.
**Lu tax** mu nu dellu jàng ngi?

Waaw xam nanu ni jàng mooy tax nga am wërsagu liggéey
**Lu tax** mu nu motali sunu jàng?

Da nu war jàppale sunu gox ci wàllu kom-kom
**Lu tax** jàngu nu ngir yokk sunu kom kom?

Da nu war dimbale sunu gox
**Lu tax** booloo wu nu ngir aar li nu tëral?




MBOKKINU JIGÉEN ÑI CI NJÀNG




SAÑ-SAÑU JÀNG




AM SAÑ-SAÑU BOKK CI YARUB XALE WU JIGÉEN ÑI




AM SAÑ-SAÑU BOKK CI YARUB XALE WU JIGÉEN ÑI

Góor néek jigéen
ñi ñoo war yam ni nu leen
di jàngale



SAÑ-SAÑU NJÀNG CI KAW YAMALE

Ci biir jaboot gi ninuy yare góor ñi
noonu la nuy yare jigéen ñi



SAÑ-SAÑU NJÀNG CI KAW YAMALE

Xam na ni sama
doom bu jigéen dafay
bàyyi jàng

Mukk njàng
baax na ngir
ëllëgam



SAÑU JEEXAL SAMA NJÀNG

Maak Añes danu dello
ganaw sunu bés tàkk
ndax danuy jàng

Jaaduwul
jigéen di
bàyyi
njàngam



SAÑU JEEXAL SAMA NJÀNG




SAÑ-SAÑ BOOK CI NJÀNG MI CI AT BOO AM




SAÑ-SAÑ BOOK CI NJÀNG MI CI AT BOO AM




SAÑ-SAÑU BOOK CI NJÀNG MI CI AT BOO AM




SAÑ-SAÑ TÀNN LIGAY JÀNG NI MU LA NEEXE




SAÑ-SAÑU TÀNN LIGGÉEY BU LA NEEX







YÉNEEN BUNT




WÓOLU SEEN BOPP




DEMAL SUNU BOPP




DEMAL SUNU BOPP




AM AY BUNT YU BARI NGIR SAMA LIGGÉEY




BARI BUNT AG XAME AK JOKKONTE




KURÉEL GU BAAX




CAYTU BU MUCC AYIB








DANUY BOKK CI JËNGUTE KOM KOM GI




DANUY BOOK CI LÀNGU LIGGÉEY BI




DANUY LIGÉEY CI NDËKKAAN BI




DANUY LIGGEEY CI NDËKKAAN BI




DANUY BOKK CI LÀNGU POLITIG GI

Sama njàng tax na ba ma nekk jiit sama ndëkaan



AY NJIIT LANU

Njàng mi tax na banu fées te jóolu sunu bopp



# Ma jàpp

*Lan laa gis moo gën a baax?*

*Lan laa war a def?*

SUMB 2

## Njàngum jigéen

Sumb 3

# BOKKINU JIGÉEN ÑI CI KOM-KOM GI

# Lan lanuy gis ci sumb bi

## Ndax xam nga jigéen ñi am nanu jëriñ ci seen gox

Ci téeré bi danu càmbar lépp lu jigéen yi man indi ci liggéey gox bi.

## Xan nga ni fii ci Afrik jigéen ñi ñooy xol ak jokkute kom-komu réew mi

Liggéey yi jigéen ñiy fef ngir jàppale seeni njaboot bokk na ci liy dundal kom-kom. Sunu defee liggéey yooyu ci yen liggéey yi naka soppi jën yi walla wàlla bey, walla jaay ngir am xaalis ngir dund, danuy nekk ay jiit ngir yokkute kom-kom gi.

## Xan nga ni fii Afrik, jigéen ñu baree ngiy jiite ay isin te bokk fi nuy doggale

Njiit loolu mooy wone taxawaay bu màgg bi jigéen ñi am ci jokkute kom-kom

## SUMB 3
## Bokkinu jigéen ñi ci kom-kom gi

gi, ndax ngi giy ubbi seen isin, seen bitig te ñooy jël bépp ndogal bu jëm ci seen ceytukaayu liggéey.

Sunu  farlu ci jokkute li nuy liggéey moo tax nuy xeex tegandaay ci béppu ëttu ndoggalukaay te di Lêkaloog ndëkaan beeg kilifa yi.

# Bokkinu jigéen ñi ci kom-kom gi

## Lan la nuy fekk ci sumb bi?

Daa may gis ni liggéeyu jigéen ñi def ni nuy soppee dundug njaboot geeg ndëkkaan bi ak nan lu nuy bokkee ci yokkute kom-kom gi.

Daa mën xalaat solo wàll bu nu yamale góor ak jigéen ci doxalinu ndëkaan bi. Ba nu xam nan lanuy jiite sunu isin wàlla bitig.

Nun jigéen ñi, danuy liggéy ngir sunuy njaboot ak sunu Ndëkkaan dund bu baax.

Danuy def liggéeyu kër ngir dimbali sunu njaboot, ay liggée yu amul ndampaay ngir dimbali askan wi ak ay yëngute ci wàllu kom kom ngir jàppale sunu njaboot.

Yëngute ci wàllu kom kom yi ngiy jógge ci sunuy meñeef, soppi  lejum yi, furui yi, jën yeek ñoom seen, wàlla  lu jëm ci Mbey meek lem gi; yooyu dafay indi alal ju bari buy jokk kom-kom.

## SUMB 3
## Bokkinu jigéen ñi ci kom-kom gi

Danu war teew  ci ëtt yëpp ngir ñu xam li nuy liggéey, am ay marse, def ba nga xan ne sunu liggéey day dox.

Ngir ñu mën bokk ci luy jëmale kanam ndëkaan bi. Danu war jàng, liggéey, dogal linu war def ci sunu dund. Ngir loolu góor ak jigéen danu war yam kiliftéef ci njaboot gi ak ndëkkaan bi.

## SUMB 3
## Bokkinu jigéen ñi ci kom-kom gi

Sunu dée liggéey ci ay njuréef
**Lu tax** dunu sos sunu liggéeyukaay?

Waaw danu nekk ay jigéen yuy def mbennum liggéey bi
**Lu tax** dunu sosodoo liggéeyukaay yi?

Waaw am nanu liggéeyukaay…

> **Lu tax** mu nanu jëlandoo ay ngogal ci wàllu Jënguteem ak ceytoom?
>
> **Lu tax** mu nunu fexe ba liggéeyukaay yi dëgër te yàgg ?
>
> **Lu tax** mu nunu booloo ak yeneen liggéeyukaay ngir xeex sunu tegandaay?
>
> **Lu tax** mu nunu bokk ci ñiy jël ay ndogal ci sunu Ndëkkaan?

Sunu amul jot ngir doxal liggéeyukaay bi
**Lu tax** mu nunu seddoo kiltéefu njaboot gi?















DANUY DIMBALE NIT ÑI







DANUY FAJ SUNU NJABOOT GI







ÑUM JIGÉEN DANUL DIMBALANTE

Nun ñoo ame xewu ndëkkaan bi.
Danu war toppatoo yëngute caadagi ngir xew-xew biy ñëw



DANUY DEFAR DIGGANTE YI

Danu bokk ci niy seytu wér ngi yaram yi ci gox bi. At mu nekk dañuy bokk ci ñiy ñakk xale yu góor neek jigeen ñni



DANUY DËGËRAL WÉR GI YARAM YI


Liggéey bi ñuy def sentu yuñu ci dara te jëriñ na ndëkkaan bi



Maay jiite sama bitig te di dundal samay njaboot



DANUY LIGGÉEY NGIR JÀPPALE SUNU NJABOOT





DANUY JOXE LIGGÉEY












NANU SEDDO LEGGÉEY YI




NANU BOKK LIGGÉEY BI




NANU BOOLE GÓOR ÑI




ÑU AM LIGGÉEY




NANU BOKK CI JËNGUTE KOM KOM NGI





NANU YOKK SUNU MËN-MËN





NANU YAM BEGG BEGG






NANU SOS SUNU LIGGÉYUKAAY




SUNU MBIR DAFA GËN DOX




DANU BEGG AY LIGGÉEYUKAAY YU SAX




DANUY SAXAL SUNU LIGGÉEYUKAAY




DANUY JIITE SUNU LIGGÉEYUKAAY




DANUY DOXAL SUNU LIGGÉEYUKAAY




DANUY SOS AY LIGGÉEY




DANU BEGG AY LIGGÉEYUKAAY YU DËGËR




ÑOOY DOGALAL SUNU BOPP







DANU BOOLE SUNU GAÑAAY




NANU BOKK SUNUY KURÉEL




NANU BOKK CI BOOLO YI




NANU NEKK AY NJIIT




NANU AM BAAT CI POLITIG BI

# Ma jàpp

*Lan laa gis moo gën a baax?*

*Lan laa war a def?*

SUMB 3

## Bokkinu jigéen ñi ci kom-kom gi

Sumb 4

# BOKKINU JIGGÉEN CI POLITIG

# Lang ngay fekk ci sumb bi

## Ndax xam nga say sañ-sañ ci wàllu politig?

Ci biir téeré bi daanu càmbar sañ-sañ yi ñu sàrt yiy far bépp boddikonte jigéen ñi dinu xamal, te di yombal seen bokkin ci bépp ndogal ci wàllu politig.

## Ndax xam nga ni bokkinu jigéen ñeek góor ñi ci ndogalu politig dafay màndargaal yokkute réew?

Jigéen ñi naka góor ñi am nanu cër ci ndëkkaan bi. Dañuy yëngu ngir yokkute ndundinu njaboot ngi ak nit niy yeewoo ci tund wi, kon am nanu wàll ci ndogalu politig gi.

## Ndax xam nga ni ci Afrik, jigéen ñi ñooy ñi ame coppite geek yokkute gi, kon mën nanu bokk ci niy dogal ci wàllu politig?

Xam-xam bi ñu soxla ñun jigéen ñi ngir sunu ndëkkaan ak liggéey bi ñuy def

ngir yokk ndundinu ñi ci bokk moo ñuy def ay dawalu coppite ak yokkute. Mën nanu ko dolli sunu bokkee ci ëttu politig gi.

## Lan ngay fekk ci sumb bi

Daa mën xam sañ-sañ yi tax nga mën a bokk ci yëngute politig gi ci sa ndëkkaan ak sa réew te xalaat yan jëriñ gay jëfandikoo say sañ-sañ yi gay def sa dëkk.

Daa mën xam nan ngay def ngir bokk ci làngu politig ngi.

# Bokkinu jiggéen ñi ci wàllu politig

Ñun jigéen ñi, bés bu nekk da ñuy jël ay ndogal.

Da nu koy def ci kër gi, ci liggéeyukaay bi ak ci yëngute yi ci biir ndëkkaan bi.

Sunu ndimbal ci ndëkaan bi dafay tax ñu xam linu soxla ak nan leen di tontoo. Loolo tax ñu war yóonne sunu xalaat ci jiitu politig gi.

Dégtal sunu kàddu dina yokk sunu ndogal ci politig. Da na tax itam ñu man la déglu.

## SUMB 4
## Bokkinu jiggéen ci politig

Sunu indée ay yokkute ci sunu ndëkkaan, daa nu gën bokk ci làngu politig gi.

Jigéen ak góor mën nanu te war nanu jëladoo ay ndogal ci sunu ndëkkaan.

## SUMB 4
## Bokkinu jiggéen ci politig

Sunu amee sañ-sañ bokk ci làngu politig gi.
**Lu tax** dunu ko def?

Sunu ware bokk ci ndogalu politig gi.
**Lu tax** dunu teew ci ëttug politig yi?

Sunu xamee lu baax ci sunu ndëkkaan.
**Lu tax** dunu liggéey ci yëngute politig gi ngir àgg ci?

Sunu xamee ni sunu ci bokkee daa nu soppi lu bari.
**Lu tax** dunu ko def?

Ñun jigéen ñi danuy toppatoo sunu ndëkkaan.
**Lu tax** dunu indi ay coppite?












**SAÑ-SAÑ TÀNN KI NU BËGG FAL**




**AM NANU SAÑ-SAÑ ÑU FAL ÑU**




MEN NAÑU BOKK CI AY KURÉEL YUY DEF POLITIG




MËN NAÑU DEF AY LIGGÉEYU MBOOLO




MËN NAÑU DOON AY NDAWALU NDËKKAAN BI






JIGÉEN ÑI DANUY GEN BOKK CI LÀNGU POLITIG GI




NAÑU NEKK AY NJIITU POLITIG




NAÑU SEDDO SUNU WAANU POLITIG




DAÑU WAR BOKK CI LÀNGU POLITIG GI




NAÑU BOKK CI LÀNGU POLITIG












AGRUPÁNDONOS





UNIENDO FUERZAS




PARTICIPANDO EN REDES




TRASLADANDO NUESTROS INTERESES Y NECESIDADES




SUNU AARE SUNU SAÑ-SAÑ




SUNU WONEE SUNU GËDDË




SUNU LIGGÉEYALÉE NIT ÑI




Bëgg naa di jël ay ndigal
Bëgguma ñu ma kay jëlal



# Ma jàpp

*Lan laa gis moo gën a baax?*

*Lan laa war a def?*

## SUMB 4

## Bokkinu jiggéen ci politig

Sumb 5

# SAÑ-SAÑ SÉY AK NJUR

# Lang ngay fekk ci sumb bi

## Ndax xam nga say sañ-sañ ci wàllu séy ak njur?

Ci biir sumb bi danu jéem càmbar say sañ-sañ ci wàllu séy ak njur ni ka sàrt biy far bépp boddikkonte jigéen ñi.

## Ndax xam nga yan ñooy sañ-sañ ci wàllu séy ak njur?

Mooy sañ-sañ yi ñuy jox ñun jigéen ñi ñu mën jël ay ndogal sunu yaram ci wàllu séy ak njur.

## Ndax xam nga lu tax say sañ-sañ ci wàllu séy ak njur baax?

Dafay tax ba ñu mën toppatoo sunu wér ngi yaram te nu mën liggéeyal sunu ndëkkaan. Su boobaa daa ñu mën dimbale kom kom bi.

## Lan ngay fekk ci sumnb bi?

Daa mën gis yan ñooy say sañ-sañ ci wàllu séy an njur, te nga xalaat nan nga kay defe ngir yokk sa wér ngi yaram.

# Sañ-sañ séy ak njur

Sañ-sañi séy yi ak njur dana tax ba ñu mën jël ay ndogal ci yaram, xool kañ laay séy ak toppatoo sama wér gi yaram.

Danu war xam ndogal yi, lan lañu war jural ci sunu wér gi yaram.

Dana tax ñu moytu ëmb bu teel bu mën indi yenn ci feebar yi naka fistil wàlla yiy jógge ci wasin.

Dana tax ba ñu jànkonteel ay mettit yi la góor ñiy teg ci wàllu séy, ndax danu yakaar ni ñoo moon sunu yaram.

Dafay tax ba ñu mën moytu te toppatoo sunu njàng.

## SUMB 5
## Sañ-sañ séy ak njur

Sunu amoon sañ-sañ yi séy ak njur.
**Lu tax** ma nuñu jël ay ndogal yu jëm sunu yaram?

Sunu amee sañ-sañ ba xam kañ la nu war séy.
**Lu tax** mën nuñu tànn góor bi nu war séyal?

Sunu amee sañ-sañu xam kañ lañu war am doom.
**Lu tax** mën nuñu natt waxtu wi nu war njur?

Sunu amee sañ-sañ ci ñuy xool sunu wàllu wér gi yaram.
**Lu tax** mën nuñu moytu feebar yiy jógge ci ëmb?

Sunu amee sañ-sañ jëfandiko ay njumtukaay ngiy ñuy jël ngir bañ ëmb.
**Lu tax** mën nuñu aaru ci feebaru séy yi?

Sunu moomee sunu yaram.
**Lu tax** mën nuñu am dund gu amul mettitu séy?










TÀNN KU LA NEEX NGIR SÉY AK MOOM




SAÑ-SAÑ TÀNN WAXTTU BOO BËGÉE SÉY AK NIT




SAÑ-SAÑU TÀNN WAXTU WÓO BËGGÉE NEKK YAAY




SAÑ-SAÑU XAM NAATA DOOM NGA BËGG AM




SAÑ-SAÑU SÉY CI KAW YAMALE




SAÑ-SAÑU JOT AY XIBAAR CI WÀLLU SÉY




SAÑ-SAÑU DEM KËR DOKTOORR




SAÑ-SAÑ JOT CI AY JUMTUKAAY NGIR BAÑ ËMB




AM SAÑ-SAÑ BAÑ YÂNÑÑI SA AWRA




SAÑ-SAÑ BAÑ AM METTIT CIB SÉY




SAÑ-SAÑ BAÑ JËRIÑOO CI WÀLLU SÉ








NU DUNDAL SUNU YARAM




ÑU MOYTU FEEBAR YI JÓGGE CI SÉY




ÑU MOYTU JAFE-JAFE ËMB AK WASIN




SUNU DUND WARUL AM BENN MATTIT CI WÀLLU SÉY




NANU MOYTU GÓOR YIY SONALATE




NANU MOYTU SIDAA AK YENEEN AK FEEBARU SÉY YI




DANU XAM LI JËM SUNU WÀLLU WASIN










MËN NANU ÀGGALE SUNU NJÀNG




AM NAÑU BUNTYU BARI CI BITUM LIGGÉEY




AM NAÑU DUND GU GÓORTE DËGGU CI WÀLLUB SÉY




DANUY XEEX METTITYI ÑUYTEG JIGÉEN ÑI CI WÀLLU SÉY




ÑUN ÑOOY XOOL NUNUY DOXALE SUNU DUND


Am naa yaram am naa baat

# Ma jàpp

*Lan laa gis moo gën a baax?*

*Lan laa war a def?*

SUMB 5

## Sañ-sañ séy ak njur

Sumb 6

# PÀGGUTÉEFU METTITAL JIGÉEN ÑI

# Lang ngay fekk ci sumb bi

## Xam nga lan mooy mettit bi ñuy teg jigéen?

Mooy mettit bi góor di teg ci kaw jigéen di ka won moo ko féete kaw.

## Xam nga mettit bi ñuy teg jiggéen dafa wàcc sañ-sañ doomi aadama?

Mettit bi ñuy teg jigéen ñi dafa wàcc yoon wi sàrti sañ-sañi doomi aadama; ci àddina bi. Dafa yàq sañ-sañ yëpp, jomam, féexaayam.

## Ndax xam nga xeeti mettit yi teg jigéen ñi?

Am na ay xeet yu bari, mettital ci yaram, ci xel, ci awra séy; war nañu leen xam ngir moytu leen.

SUMB 6

# Pàggutéefu mettital jigéen ñi

## Lan ngay fekk ci sumb bi?

Da jàng ni ngay ràññee xeeti mettit yi ñuy teg jigéen ñi, nga xam tolluwaayu naqar bi nu leen di teg ak nan lan kay xeexe.

# Pàggutéefu mettital jigéen ñi

Mettit bi nuy teg jigéen ñi dafay fagaagal sañ-sañu jigéen ñi. Bés bu nekk mu dal jigéen ñu bari ci àddina bi.

Ñun jigéen ñi danu war dund dundin bu amul benn mettit. Mën nanu dal fu nekk, waaye danu war a xam.

Yamale yarinu góor ak jigéen danu dimbali ba nu moytu ko. Sunu leen waxe ni góor ak jigéen ñoo yam te ñoo yam sañ-sañ. Danu xam ni ku nekk da nga war warmaal sa  moroom.

Xàmme xeetu mettit yi ñuy teg jigéen ñi dana ñu  jox yoon dunu xeexe. Siiwal góor ñiy sonal jigéen ñi, nekk na benn jéego bu ñu def. Waru ju leen ko baal.

Jàkkarloog mettit bi, jàppalante, dimbalante mooy tax ñu jële ko fi.

## SUMB 6
## Pàggutéefu mettital jigéen ñi

Su góor ñi dee teg jigéen ñi mettit.
**Lu tax** ñu mayleen ko?

Sunu xàmme tolluwaayu mettit yooyu.
**Lu tax** mu nuñu ko siiwal?

Sunu xamee yeneen jigéen yi mu dal.
**Lu tax** mu nuñu leen dimbali?

Sunu mënee dindi mettit yooyu ci jigéen ñi.
**Lu tax** mënu jànkonteeg moom?










METTIT CI YARAM




METTITAL CIM XEL




METTITAL CI WÀLLU SÉY




METTITAL CI WÀLLU ÀDDINA




METTITAL CI WÀLLU KOM KOM




SÉY BOO ÀNDUL




METTITAL NGIR TEGGI SA GOR




METTIT CI BIIR XEEX




DI LA JËRIÑOO CI WÀLLU SÉY




XARAFAL JIGÉEN













**DAFAY DOOR CI BEDDI LA (METTITALU ÀDDINA)**




DAFAY WÉY
CI METTITALU XEL




MU INDI NAG METTITALU
YARAM




ÑËW NAG PÀCC NANDUL KA NGIR BAÑ LORÀNGE




PÀCC YOOYU NANU KOY BÀNTU BÉS BU NEKK




JIGÉEN GI NADAF RAGAL, DAFAY RUS







JIGÉEN GI DAFAY MUJJ NÀNGU




NDÀNK-NDÀNK MUY DELLU SI







MOYTU METTIT YI




RÀÑÑE METTIT YI




FËSAL METTIT YI




DIMBALI YENEEN JIGÉEN ÑI




WUT WALL CI MBOTAAYU JIGÉEN ÑI

# Ma jàpp

*Lan laa gis moo gën a baax?*

*Lan laa war a def?*

## SUMB 6

## Pàggutéefu mettital jigéen ñi

# Tekkinu baat yi

## SUMB 1. Sañ-sañ jigéen

**And ci ab sañ-sañu**: dëggal, ab sañ-sañ te xam ni lu war la.

**Bokkin ci làngu politig:** Bépp yëngute mu mën tax gay tiye, gay dogal, walla gay atte ay xuloo.

**Ndampaay**: payoor booy jot so ligéeye ba noppi.

**Ngoru nit ki:** natt sa bopp ak warmaal sa moroom moo tax nga am ka ci ñeneen.

**Sañ-sañ:** Mboleem sàrt ak yoon yu war ñëpp, ci kaw tëral ànd gu neex ci diggante nit ñi.

**Sañ-sañu jur:** Sañ-sañu bi tax nga mën doggal jamono joo mën di jure ak ñaata doom nga bëgg am doom te jot ay tegtal aki jumtukaay yoo kay defe.

**Sañ-sañu séy:** Sañ-sañ moo lay may ngay di séy nimu la neexe te du am benn ay.

**Sañ-sañu siwil yi:** Sañ-sañ yu sàrt réew yëpp nangu ngir aar mbërëgu nit ñi.

**Soreel sa jur:** Sañ-sañ bi tax nga mën doggal jamono joo mën di jure ak ñaata doom nga bëgg am doom.

**Wuutale:** doxalin  bu wuute ci diggante mbooloo ci lu teguwul ci yoon lu deme ni góor ak jigéen walla askan.

**Yamale:** Yamale sa doxalim ci doomu aadama bépp; muy réew di liggéeyukaay, walla muy mbootaay. Bañ leen wuutale ndax seen sañ-sañ.

## SUMB 2. Jàngum jigéen

**Bokkin ci làngu politig:** Bépp yëngute mu mën tax gay tiye, gay dogal, walla gay àtte ay xuloo.

**Demal sa bopp:** Am sañ- sañu dogalal sa bopp.

**Internet:** yoon la bu lëkale ay ordinaatëer ba nga xam ni gay mën jokkook ak nit ku sore.

**Jàng ci kaw yamale:** yamale ni nuy jàngale ci daara ja ak ci kër gi ci góor ñi ak ci jigéen ñi.

**Xam sa bopp:** xalaat bi nekk ci ñun te ñu kay jëfe.

**Xayma jëf:** yoon bi tax nga mën ceytu sa ligéey moo xam mbolo la walla kenn la.

**Woolu sa bopp:** fexe ba jafe – jafe bu nekk nga mën ko saafara.

**Yënguté biy jur:** Jëngu bi lay jox ay jumtukaay ak alal bi tax ngay dimbali bëggëgu askan bi.

## SUMB 3. Bokkinu jigéen ñi ci wàllu kom-kom

**Liggéey buy jur:** liggéey bi gay def ngir am pay  ci wàllu kom-kom.

**Liggéeyu kër:** dafa boole lépp lu liggéeyu kër, togg, topp soxla waa kër gi ak jàngu xale yi.

**Nit  ku am Jëriñ:** Góor walla jigéen bu mën jàppale askan wi ci xalaat, xam-xam, ci liggéey ci ay xameelam walla sa taxawaay ci biir askan wi.

**Yënguté biy jur:** Jëngu bi lay jox ay jumtukaay ak alal bi tax ngay dimbali bëgg bëggu askan bi.

**Yëngute ci wallu kom-kom:** Mbooloo am-am ak yëngute biy jox alal askan wi, réew yi.

**Yokkute kom-kom:** Kom-kom buy jëm kanam ngiy soppinu dund ngi Liggéey bu amul pay : kuy dimbali ay nit ngir askan wi te du laaj dara.

## SUMB 4. Bokkinu nijéen ñi ci wàllu politig

**Defloo nit politig:** ku am maxaama ak moyukaay bay dugg ci doxalinu askan bi.

**Dogal ci politig:** ndogal yi ñu jël ngir di ceytu biru politig.

**Ëttu politig:** Fi nuy jëlée ay ndogal ci politg.

**Njiit:** benn walla ay nit yu mën te am ay motukaay ngir def walla lijjanti mbir.

**Sañ-Sañ:** Mboleem sàrt yi ñu tëral si diggante askan week seeni nekkin.

**Wone wu:** Su ay nit booloo di wax ngir bëgg-bëggu booloo mi.

**Yëngute ci politig:** Jëngute bi yenn nit ñiy def ngir seen birum politig. Nekk itam ay bir yu nuy def ngir joxe seen xalaat ci biru mbool.

## SUMB 5. Sañ-sañ séy ak njur

**Feebaru séy:** feebar booy jële ci séy boo aaruwul.

**Fistil:** Ganaawam dafay ubbeeku ba ci pay mi ba du man tiye saw ak dem àll. Lollu moy firdéel teel ëmb.

**Jàngalinu aaru:** jàngalin ngir aaru ci feebar séy yi.

**Jariñoo jigéen:** mooy di jëfandikoo yaramu jigéen ngir am ci xaalis walla ci séy.

**Jumtukaay ngir bañ ëmb:** jumtukaay yi tax walla di wàññi gaay ëmb ci séy.

**Mettital nit ci séy:** fexe ba séy ak nit ci ludul cobareem.

**Sañ-sañu jur:** Sañ-sañ bi tax nga mën doggal jamono joo mën di jure ak ñaata doom nga bëgg am doom te jot ay tegtal aki jumtukaay yoo kay defe.

**Sañ-sañu séy:** Sañ-sañ moo lay may ngay di séy nimu la neexe te du am benn ay.

**Xarafal jigéen:** wàññi wàll si awra jigéen ngir caada wàlla diine.

## SUMB 6. Pàggutéefu mettit yi ñuy teg jigéen ñi

**Jariñoo jigéen:** mooy di jëfandikoo yaramu jigéen ngir am ci xaalis walla ci séy.

**Mettital ci wàllu kom kom:** seytu bi góor giy def si alalu ñëpp ak xaalis ci biir séy.

**Mettital nit ci séy:** fexe ba séy ak nit ci ludul cobareem.

**Mettit bu àjju ci nekkin wi:** mooy liy beddi jigéenji ci njabootam ak ay xaritam.

**Mettit ci gor:** ray jigéen ndax dafa dindi seen gor.

**Mettit yiy am ci biir xeex ag gànnaay:** mettit bi ñuy def jigéen ñi ci seen yaram walla ci séy ngir tiit lóo góor ñi ci xeex.

**Mettitu xel:** bépp mettit buy rus lóo gor.

**Mettitu yaram:** lépp luy indi ay tolof tolof ci yaramu jigéen (dóor, gaañ, pes, a.ñ.s).

**Xarafal jigéen:** wàññi  wàll si awra jigéen ngir caada wàlla diine.

mujeres
FUNDACIÓN

AEXCID
cooperación extremeña

MINISTERIO DE ASUNTOS EXTERIORES Y DE COOPERACIÓN

aecid